



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 2 jen 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONTRA POU AMELYORE SÈVIS BANKÈ POU KLIYAN YO KI GENYEN  
ANDIKAP VIZYÈL**

***Kontra pral bay sit entènèt bankè ki aksesib, Fòma dokiman Altènatif ak ATM Machin ki ekipe avèk  
Odyo ak Bray***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse kontra avèk 12 bank nan tout eta ki pral garanti sèvis aksesib a moun yo ki genyen andikap vizyèl. Yon investigasyon pa Divizyon Dwa Imen Eta New York te konkli ke anpil noun te neglije pou fè sa, te jwenn ke anpil nan bank yo pat genyen sit entènèt ki aksesib pou kliyan yo ki genyen andikap vizyèl, pat bay dokiman yo nan yon fòm altènatif, e yo te genyen reprezantan sèvis kliyan ki pat prepare pou bay enfòmasyon sou karakteristik aksesibilite lè yo te kontakte pa telefòn.

“Eta nou an gen yon istwa fyè nan bay direksyon sou adopte ak aplike pwoteksyon dwa sivil fondamantal ki bay opòtinite egal pou tout Nouyòkè yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Tout moun, kèlkeswa etnisite, sèks, oswa andikap, ta dwe genyen aksè egal a enfòmasyon piblik ak sèvis. Bank sa yo kounye a ap fè patisyon pa yo nan mete ajou règleman yo pou satisfè bezwen Nouyòkè yo ki genyen andikap vizyèl.”

Lwa sou Dwa Imen Eta New York entèdi plas akomodasyon piblik pou refize byen oswa sèvis a moun sou kont yon andikap, e li mande modifikasyon rezonab pou rann kalite plas sa yo aksesib pou yon moun ki genyen yon andikap. Douz bank yo ki te regle plent sou diskriminasyon an gen ladan TD Bank, Capital One, M&T Bank, New York Community Bank, Valley National Bank, Ponce de Leon Federal Bank, Emigrant Savings Bank, Banco Popular, Dime Savings Bank, Flushing Savings Bank, Northfield Savings, ak Hudson Valley Bank.

Divizyon Dwa Imen (DHR) abilite pa Lejislati Eta New York pou opoze modèl sistematik diskriminasyon atravè investigasyon divizyon inisyè oswa plent. Mekanis pwisan sa yo kapab potansyèlman amelyore lavi plizyè moun nan Eta nan asire ke tout Nouyòkè yo gen opòtinite egal pou patisipe plènmàn nan lavi ekonomik, kiltirèl ak entèlektiyèl Eta, jan li afime pa Lwa sou Dwa Imen.

Haitian Creole

Nan ka patikilye sa a, DHR te inisye yon investigasyon apre li te fin resevwa yon plent pou denonse yon bank ki refize pou akomode yon kliyan ki genyen andikap vizyèl pou jwenn aksè a sèvis bankè yo. DHR te analize plizyè sit entènèt bank yo pou detèmine si wi ou non yo te aksesib epi yo tap itilize teknoloji ki ta pèmèt moun yo ki genyen andikap vizyèl yo pou efikasman itilize sèvis yo. Egalman yo te egzamine si wi ou non deklarasyon yo, avi labank ak chèk yo te ofri fòm altènatif tankou Bray oswa odyo. Apre analiz sa a, anplwaye yo te kondwi plis pase 100 apèl tès yo te itilize yon kesyonè ki te gen ladan demann sou disponibilite sèvis sou entènèt yo pou moun ki genyen andikap vizyèl yo ak dokiman yo nan fòm altènatif. Baze sou rezita investigasyon sa a, plent sou diskriminasyon te depoze kont douz bank sa yo.

Tout bank yo te dakò pou konfòme avèk lwa eta nan bay sèvis a moun yo ki genyen andikap vizyèl, sa ki gen ladan dokiman enfòmasyon ak fòm an gwo karaktè, Bray ak odyo, pami lòt mezi. Anplis, nan kad kontra sa yo, bank yo pral fòme anplwaye sèvis kliyan yo konsènan fason apwopriye pou jere apèl oswa demann ki fèt pa kliyan yo ki genyen andikap vizyèl.

Komasyonè Adjwen DHR pou Ranfòsman Melissa Franco te deklare, “Sa a se yon bon egzanp sou kijan Divizyon an ap travay kolaborativman pou edike Nouyòkè yo sou Lwa Dwa Imen Eta pou atenn objektif nou pou prezève ak elimine diskriminasyon ilegal. Depo plent sa yo ta dwe sèvi kòm yon rapèl ke otorite Divizyon a pa limite nan tretman plent ki soti de manm piblik yo e nou kapab pran aksyon pou idantifye ak remedye lwa vyolasyon sou dwa imen nan pwòp inisyativ nou.”

New York gen distenksyon fyè pou l premye eta nan nasyon an pou adopte yon lwa sou dwa imen, sa ki pèmèt a chak sitwayen “yon opòtinite egal pou pwofite yon lavi konplè ak pwodiktif.” Pou plis enfòmasyon sou lwa ak travay ajans lan, vizite sit entènèt Divizyon Dwa Imen nan [www.dhr.ny.gov](http://www.dhr.ny.gov).

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418